



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 4 Mathematics, Book 3**  
**March 6–10, 2006**

**Pwogram Egzamen Leta Nouyòk**  
**Matematik**  
**Liv 3**

Ane **4**

**6–10 Mas 2006**

**Non** \_\_\_\_\_



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2006 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou fè tout sa ou kapab:

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk blòk modèl ou yo.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk kontè ou yo.



**40**

Ane pase, Msye Madden te fè 4.687 mil avèk oto li. Ane sa, li fè 3.109 mil avèk oto li. Konbyen mil **anplis** Msye Madden te fè ane pase avèk oto li pase ane sa a?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_ mil

***Kontinye***

**41**

Troy genyen egzakteman 3 zan anmwens pase Nicole. Nicole genyen 12 zan jodi a. Ki laj Troy ap genyen nan 2 zan?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_ ane

**42**

Kent County Airport lan genyen twa paking.

- Pasèl A genyen 430 espas pou paking.
- Pasèl B genyen 150 espas pou paking an mwens pase Pasèl A.
- Pasèl C genyen 380 espas pou paking anplis pase Pasèl A.

Ki kantite total espas pou paking ki nan ayewopò a?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_ espas pou paking

***Kontinye***

**43**

Madam Ames mete tuil nan miray kwizin li. Li fè 12 ranje tuil, avèk 20 tuil nan chak ranje. Li sèvi ak 188 tuil jòn. Rè s tuil yo te ble. Konbyen tuil **ble** Madam Ames te itilize?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_ tuil ble

**44**

Msye Marvin depanse \$54,10 pou achte pantalon ak chemiz. Li ba kesye a \$60,00. Konbyen lajan kesye a remèt Msye Marvin?

***Montre travay ou.***

***Repons \$ \_\_\_\_\_***

***Kontinye***

**45** Jeremy ekri modèl nimerik ki anba a.

3, 9, 15, 21, 27,   ?

***Pati A***

Ki pwochen nonb ki pou nan modèl la?

**Repons** \_\_\_\_\_

Sou liy ki anba yo, dekri modèl Jeremy an.

---

---

---

---

---

---

***Pati B***


Sou liy ki anba yo, dekri yon ansanm nonb diferan ki itilize menm règ ak modèl Jeremy an. Pa sèvi ak nonb Jeremy ekri yo.

**Modèl** \_\_\_\_\_ , \_\_\_\_\_ , \_\_\_\_\_ , \_\_\_\_\_

**46**

Alison sèvi ak twa figi diferan pou fè Figi A ki anba a.

**FIGI A**



***Pati A***

Kouman yo rele twa figi sa yo?

***Figi 1*** \_\_\_\_\_

***Figi 2*** \_\_\_\_\_

***Figi 3*** \_\_\_\_\_

***Pati B***

Selon kantite kote yo, ki kalite poligòn Figi A ye?

***Repons*** \_\_\_\_\_

***Kontinye***

Piktogram anba a prezante kantite papiyon ki nan kat koleksyon diferan.

**KOLEKSYON PAPIYON**

Koleksyon	Kantite Papiyon
A	
B	
C	
D	

**LEJANN**

 = ? Papiyon

**Pati A**

Genyen 20 papiyon nan Koleksyon A. Konbyen papiyon chak desen papiyon nan lejann lan reprezante?

**Repons** \_\_\_\_\_ papiyon

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou jwenn repons ou.

---



---



---



---



---

**Pati B**

Konbyen papiyon **anplis** ki nan Koleksyon B pase Koleksyon C?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ papiyon

***Kontinye***

**48**

Yon dofen ka naje sou 22 mil an 1 èdtan. Yon ti wòkwal (balèn) ka naje sou 15 mil nan 1 èdtan. Konbyen mil **pi lwen** yon dofen ka naje pase yon ti wòkwal an 6 èdtan?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_ mil

**RETE LA**



---

---

Place Student Label Here



**Ane 4**  
**Matematik**  
**Liv 3**

**Grade 4**  
**Mathematics**  
**Book 3**